


Vaksen kont COVID-19 yo: Sa Moun New York ki pi Aje yo Bezwen Konnen

Moun ki gen 60 ane oswa plis elijib pou resevwa vaksen kont COVID-19 yo. Genyen twa vaksen ki disponib: Pfizer-BioNTech, Moderna, ak Johnson & Johnson/Janssen.



Poukisa li enpòtan pou granmoun ki pi aje yo pran vaksen kont COVID-19?

Pandan ke nenpòt moun kapab malad anba COVID-19, risk pou maladi grav ogmante avèk laj. Maladi grav anba COVID-19 gendwa mennen nan ospitalizasyon, swen entansif, itilizasyon yon vantilatè oswa nan lanmò. Kèk pwoblèm medikal ki kache, tankou kansè, maladi ren kwonik, dyabèt ak maladi kè, ogmante tou risk pou maladi grav akòz COVID-19.

Èske vaksen kont COVID-19 yo san danje epi èske yo mache?

Wi. Syantifik yo te bati plizyè deseni rechèch pou lòt vaksen yo lè yo ap devlope vaksen kont COVID-19 yo. Vaksen yo te pase nan gwo etid klinik ki enplike plizyè dizèn milye moun ki gen laj, ras ak etnisite ki diferan. Ou pa kapab pran COVID-19 nan vaksen yo.

Nan etid klinik yo, yo te jwenn tout twa vaksen yo san danje ak efikas anpil nan pwoteje moun anba maladi grav kont COVID-19, ospitalizasyon ak lanmò.

Èske ap genyen efè segondè nan vaksen kont COVID-19 yo?

Pifò moun rapòte efè segondè lejè pou rive modere, gen ladan doulè nan bra, maltèt, doulè nan kò, fatig ak lafyèv. Efè segondè yo anjeneral pase nan de (2) pou rive twa (3) jou epi yo mwens komen lakay granmoun ki pi aje yo. Rele pwofesyonèl swen sante ou si ou gen efè segondè ki ba ou enkyetid oswa ki pa ale apre kèk jou, oswa si woujè oswa doulè kote ou te resevwa piki a ogmante apre 24 èdtan.

Èske mwen bezwen vaksen kont COVID-19 la si mwen te pran vaksen kont grip la?

Wi. Vaksen kont grip la pa pwoteje kont COVID-19. Pliske granmoun ki pi aje yo anba risk anplis pou konplikasyon anba ni vaksen kont grip ak vaksen kont COVID-19, yo ta dwe pran toude vaksen yo. Ou ta dwe pran vaksen kont COVID-19 la ak vaksen kont grip la omwen 14 jou apre ou pran premye a.

Èske li san danje pou mwen kite lakay mwen pou pran vaksen an?

Sit vaksinasyon yo ap pran prekosyon anplis pou pwoteje pasyan yo ak pèsonèl yo, tankou egzije randevou pou redwi kantite moun ki sou plas. Tout moun nan sit vaksinasyon an dwe pote yon kouvèti pou figi toutan.

Kijan mwen kapab genyen randevou vaksinasyon mwen an?

Transpò gratis pou ale epi pou soti nan sit vaksinasyon yo disponib pou moun ki gen 65 ane ak plis ki bezwen transpò. Yo pral ba ou enfòmasyon sou fason pou ou fè aranjman pou transpò lè ou pran randevou ou a. Si ou pran transpò piblik, chèche mwayen pou vwayaje ki pi dirèk epi ki gen mwens moun lan. Kèlkeswa fason ou vwayaje a, kenbe distans 6 pye ak lòt moun yo, pote yon kouvèti pou figi, itilize dezenfektan pou men souvan epi evite touche figi ou.

Konbyen li pral koute pou mwen pran vaksen an?

Yo bay vaksen kont COVID-19 yo san ou pa peye. Si ou genyen asirans, yo gendwa voye fakti ba li men yo pa pral chaje ou yon kopeman oswa lòt frè.

Ki kote mwen ka pran vaksen an?

Si ou ap viv nan yon mezon retrèt oswa lòt etablisman pou swen moun viv an gwoup, ou gendwa kapab pran vaksen ou ladan. Otreman, ou kapab pran yon randevou pou vaksinasyon lè ou:

- Vizite nyc.gov/vaccinefinder pou ou jwenn yon sit vaksinasyon
- Rele 877-829-4692 pou pran yon randevou nan sit NYC ap jere yo
- Kontake pwofesyonèl swen ou oswa famasi ou pou wè si yo ap ofri vaksinasyon

Èske mwen bezwen bay prèv elijibilite pou mwen pran vakse an?

Wi. Ou dwe ranpli Fòm Eta New York pou Vaksen kont COVID-19 la nan vaccineform.health.ny.gov avan ou pran vaksen an. Ou pral bezwen pote prèv pou laj (tankou yon paspò oswa batistè) ak prèv ou abite New York (tankou yon bòdwo sèvis piblik, lòt lèt lapòs, oswa yon papye lwaye oswa ipotèk) Ou kapab itilize yon lisans chofè NYS oswa kat idantite NYC (IDNYC) pou toude. Pou yon lis konplè prèv ki disponib yo, vizite nyc.gov/covidvaccinedistribution.

Èske travayè oswa èd swen adomisil mwen an kapab resevwa tou yon vaksen kont COVID-19?

Wi. Yo te priyorize tou travayè ak èd swen sante yo ak èd swen pèsonèl yo pou pran vaksen an. Yo pral bezwen pran yon randevou epi pote prèv yo ap viv oswa ap travay nan New York.

Èske mwen kapab sispann kenbe distans fizik ak pote yon kouvèti pou figi apre mwen pran vaksen an?

Non. Pandan ke nou konnen vaksen yo trè efikas nan pwoteje moun anba maladi grav akòz COVID-19 la, nou toujou bezwen aprann plis sou fason vaksen yo pwoteje moun ozalantou ou ki pa te pran vaksen an. Tout moun dwe kontinye mezi prevansyon kle yo: rete lakay ou si ou malad, rete nan 6 pye distans ak lòt moun yo, pote yon kouvèti pou figi epi kenbe men ou pwòp.

Pou aprann plis sou vaksen kont COVID-19 yo, pale ak pwofesyonèl ou a, rele **311** oswa vizite nyc.gov/covidvaccine.

Pou yon lis sèvis ak sipò gratis pou moun New York ki pi aje yo pandan ijans sante piblik COVID-19 la, vizite nyc.gov/aging/covid19.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. **3.10.2021**

 Español | Русский | 繁體中文 | 简体中文 | Kreyòl ayisyen
한국어 | বাংলা | Italiano | Polski | العربية | Français | اردو | עברית

 nyc.gov/aging/covid19

